



**RECHÈCH SIPÈ-ENTANDAN POU  
LEKÒL PIBLIK BOSTON YO**

DEMANN PWOPOZISYON EV00010326

DAT LIMIT POU REPONS: 03/18/2022 a 12:00 PM EST

# TABDÈMATYÈ

I. <a href="#">ENTWODIKSYON</a>	2
II. <a href="#">DIMANSYON TRAVAY LA</a>	5
III. <a href="#">FÒMA POU PWOPOZISYON TEKNIK</a>	6
IV. <a href="#">PWOPOZISYON PRI</a>	9
V. <a href="#">ENSTRIKSYON POU SOUMISYON</a>	11
VI. <a href="#">FASON NOU CHWAZI</a>	14
VII. <a href="#">TÈM AK KONDISYON</a>	18
VIII. <a href="#">KONTRA ESTANDA AK FÒMILÈ</a>	20
IX. <a href="#">REKÒMANDASYON POU ASIRANS</a>	21

# I. ENTWODIKSYON

## 1.1 SA N AP CHÈCHE

Isit la Lekòl Piblik Boston yo mande pwopozisyon nan men fim ki kalifye oswa nan men konsiltan endividyèl yo pou bay Sèvis Konsiltasyon nan Rechèch Pwofesyonèl Egzekitif pou pozisyon Sipè-entandan an pou Lekòl Piblik Boston yo. Frè pou chèche sipè-entandan an, ki genyen ladan sèvis nan men yon konsiltan Egzekitif pral finanse pa Lekòl Piblik Boston yo selon Lwa Jeneral Massachusetts yo nan Chapit 30B. Pou asire ke Komite Rechèch la jwenn fim oswa konsiltan endividyèl ki plis kalifye yo ki ka bay sèvis ki egzije a yon fason efikas, Komite Rechèch la mande pwopozisyon enfòmèl jan yo defini anba a.

Kontra sa a pral dire sis mwa.

RFP sa a louvri pou nenpòt vandè ki ta renmen reponn, epi Vil la ankouraje patisipasyon ti antrepriz, antrepriz ki jere pa yon minorite, antrepriz ki jere pa fanm, ak antrepriz ki jere pa veteran yo.

Pou sipòte egalite nan opòtinite pou antrepriz sa yo, epitou nou ankouraje entèvenan yo pou mande sou-kontra machandiz ak sèvis nan men antrepriz ki sètifye yo. Repètwa antrepriz ki sètifye nan Vil la disponib nan <https://www.boston.gov/certified-business-directory>.

## 1.2 KONTAK POU RFP

Avèk piblikasyon RFP sa a, tout kominikasyon yo dwe dirije alekri pa mwayen imèl nan kontak moun ki anba a. Okenn lòt anplwaye BPS, konsiltan, oswa pwofesyonèl pa gen kapasite pou pale pou Lekòl Piblik BPS yo konsènan RFP sa a. Yo konsidere tout kominikasyon oral kòm kominikasyon ki pa ofisyèl epi yo pa angaje BPS.

Après dat limit pwopozisyon an, Vandè yo pa ta dwe kontakte Kowòdonatè RFP a oswa nenpòt lòt ofisyèl oswa anplwaye BPS yo, eksepte pou reponn ak yon demann pa Kowòdonatè RFP a.

Sit entènèt pou RFP sa a ak dokiman ki lye yo se Pòtay Founisè Vil Boston nan, ke ou ka aksede pa mwayen [boston.gov/procurement](https://www.boston.gov/procurement). Tout korespondans pwojè a pral afiche sou sit entènèt Pòtay Founisè a. Se responsablite Vandè yo pou verifye regilyèman pou jwenn mizajou ak tout addenda RFP.

**Kontak RFP a se:**

Liz Sullivan  
Sekretè Egzekitif, Komite Lekòl Boston  
Bruce C. Bolling Municipal Building  
2300 Washington Street  
Roxbury, MA 02119  
Imèl: [superintendentsearch@bostonpublicschools.org](mailto:superintendentsearch@bostonpublicschools.org)  
Telefòn: 617.635.9014

**1.3 FÒMASYON**

Vil Boston nan ap chèche yon nouvo Sipè-entandan pou Lekòl Piblik Boston yo pou reyalize solisyon pou akselere akonplisman elèv la, pou angaje fanmi yo ak kominote a nan reyisit elèv la, epi pou kontinye fè fas ak difikilte nan aprantisaj ki prezante pa pandemi mondyal la. Lekòl Piblik Boston yo (BPS) edike plis pase 49,000 elèv nan 121 lekòl k ap travay avèk plis pase 10,000 manm pèsònèl. Vil la chèche yon edikatè ki eksperimante ki abitye avèk lekòl piblik nou yo, dènye reyisit nou yo, ak difikilte pèmanan nou yo. Sipè-entandan an dwe genyen yon kwayans ki solid nan talan natirèl chak elèv ak prèy pou vrèman kontinye redwi eka ki genyen opòtinite ak nan akonplisman ki egziste ant elèv yo. Kandida yo reyisi kenbe a dwe angaje nan fè tandè vwa elèv yo, fè fanmi yo patisipe nan priz desizyon, epi soutni pwofesè yo, edikatè yo, ak tout manm pèsònèl lekòl la nan reyisit elèv nou yo. Boston ap chèche yon kandida ki genyen yon fondasyon solid nan ansèyman ak nan fason timoun yo aprann epi ki genyen yon kwayans ke pa genyen aprantisaj nan vid epi ki plis efikas lè elèv yo santi yo resevwa sipò epi yo genyen aksè nan sèvis ki priyore sante fizik ak sante mantal yo.

Sipè-entandan an se direktè Komite Lekòl la nan tout dosye ki lye ak pouvwa ak obligasyon Komite Lekòl la. Sipè-entandan an genyen sèl otorite pou fè nominasyon ak pwomosyon pou tout pozisyon yo nan sistèm lekòl la.

Sistèm Lekòl Piblik Boston nan dirije pa yon komite lekòl ki genyen sèt manm ki dezinye pa Majistra Boston nan pou yo manda ki dire kat lane. Manm yo nan komite a genyen dwa ak yon alokasyon.

Komite Lekòl la genyen responsablite pou rekrute, sipèvizè, evalye, ak peye Sipè-entandan an. Epi li genyen otorite pou devlope politik edikatif, politik pou pèsònèl, politik administratif ak politik finansye pou sistèm lekòl la ak pou adopte bidjè pou fonksyonman ak bidjè pou investisman ki ekilibre chak ane. Anplis, Sipè-entandan an sèvi kòm yon manm nan kabinè Majistra Vil Boston nan.

Sipè-entandan an genyen obligasyon pou aplike politik yo ak bidjè pou distri lekòl la. Li enpòtan anpil pou Sipè-entandan an demontre: a) lidèchip nan edikasyon; b) konpetans administratif ak konpetans nan lidèchip; epi c) kapasite pou kominike ak pou enteraji

yon fason ki efikas ak kominote Boston nan ak enstitisyon li yo. Komite Lekòl la pral devlope yon deskripsyon ki espesifik pou travay la.

Kandida yo dwe te demontre eksperyans nan amelyorasyon rezilta yo epi redwi eka ki genyen nan opòtinite pou elèv de koulè yo, elèv Anglè yo, elèv ki genyen andikap yo, ak elèv ki genyen fèb sitiyasyon sosyo-ekonomik yo.

#### 1.4 DELÈ

Tanpri sonje ke rechèch sa a pral fèt nan yon vitès ki akselere, avèk objektif pou finalize yon nominasyon disi 1 Jiyè 2022. Sa vle di, fim oswa moun ki enterese yo, dwe genyen volonte pou angaje resous manm pèsònèl ki nesesè pou fè aranjman pou respekte delè nominasyon sa a. Se sèlman Komite Rechèch la ki genyen dwa pou rejte oswa pou aksepte tout pwopozisyon selon kritè ki etabli yo.

Tablo ki anba a montre Kalandrite Preliminè RFP a. Dat yo ka chanje. Tout chanjman yo pral afiche nan yon addendòm ki disponib sou sit entènèt RFP a.

	DAT
RFP pibliye	02/23/2022 @ 12:00 PM
Dat limit pou soumèt kesyon konsènan RFP a <i>Pa imèl bay <a href="mailto:superintendentsearch@bostonpublicschools.org">superintendentsearch@bostonpublicschools.org</a>, oswa nan telefòn nan 617.635.9014</i>	09/03/2022 @ 5:00 PM EST
Q&A ki Konsolide ki afiche pa Vil la sou Pòtay Founisè a	03/11/2022 @ 5:00 PM EST
<b>Dat limit pou pwopozisyon yo</b> <i>Soumèt sou Pòtay Founisè Vil la oswa avèk yon kopi sou papyè; yo dwe resevwa pwopozisyon yo <b>anvan</b> dat limit lan epi yo pa ka soumèt yo pa imèl</i>	03/18/2022 @ 12:00 PM EST
Entèvyou/demonstrasyon vandè yo ( <i>si nesesè</i> )	03/21–04/01
Pwofesyonèl ki Seleksyone	Avril 2022

\*Nòt: Tout pwopozisyon yo pral dosye piblik la. **Pa soumèt enfòmasyon konfidansyèl nan Pwopozisyon ou an.**

## II. DIMANSYON TRAVAY LA

Lekòl Piblik Boston yo ap chèche Sèvis Konsiltasyon nan Rechèch Pwofesyonèl Egzekitif pou chèche yon Sipè-entandan pou Lekòl Piblik Boston yo. Komite Rechèch la genyen entansyon pou travay avèk ijans pou nonmen yon Sipè-entandan disi Ete 2022. N ap chèche yon patnè ke,

nan yon delè ki rapid, ka bay bon jan sèvis epi atire kandida ki solid, kandida ki inovatè pou wòl la.

Sèvis yo prevwa pou patnè a genyen ladan:

- 1) Asiste Komite Rechèch la pou fè yon rechèch ki jenere yon gwoup kandida ki wotman kalifye ki divèsifye, ki genyen ladan fanm ak moun de koulè.
- 2) Idantifye, fè yon verifikasyon antesedan pou evalye, ak pou mande aplikasyon nan men kandida siperyè yo nan lokalite a ak nan tout peyi a.
- 3) Mentni kominikasyon avèk kandida yo epi reponn demann sèten kandida ak demann pou enfòmasyon yo.
- 4) Evalye gwoup aplikan inisyalye la epi bay yon rapò pou chak aplikan, avèk itilizasyon kritè ki devlope an patenarya avèk Komite Rechèch la.
- 5) Chèche epi rekòmande kandida ke Komite Rechèch la pral fè entèvyou avèk yo a.
- 6) Fè referans ak verifikasyon antesedan pou tout moun k ap pase entèvyou yo, jan yo mande sa, ki genyen ladan plis gwo verifikasyon referans pou twa nan sis finalis yo.
- 7) Bay konsèy ak asistans dirèk bay Komite Rechèch la pou fè rechèch jeneral la, ki genyen ladan pwosesis entèvyou a.
- 8) Ede manm pèsònèl Komite Rechèch la pou kowòdone entèvyou epi fè aranjman ki nesèsè pou vwayaj ak aranjman kandida a.
- 9) Reyalize lòt sèvis pandan y ap fè rechèch la.
- 10) Anplis de bay konsèy ki efikas, ki transparan, ak konsèy nan nivo ekspè ak asistans pou Komite Rechèch la, patnè ideyal rechèch la pral panse yon fason kreyatif konsènan rekritman kandida a. Yon bon gwoup kandida pral bay opòtinite pou Komite Rechèch la vrèman evalye yon kategori kandida ki ka dirije ajennda transfòmatif la pou Lekòl Piblik Boston yo pou amelyore eksperyans elèv yo, pou akselere rezilta yo, pou fèmen eka ki genyen nan opòtinite, epi ogmante kalite pedagogik ak rigè nan distri a.

### III. FÒMA POU PWOPZISYON TEKNIK

“Pwopozisyon teknik” la se chak eleman nan repons ou nan RFP sa a, eksepte pou nenpòt bagay ki genyen rapò ak pri a. (Pwopozisyon pri a kouvri seksyon sa a.)

Pou pwopozisyon teknik sa a, n ap chèche w pou kapab fè sis bagay:

- (3.1) bay yon entwodiksyon;
- (3.2) pwopoze apwòch ou an pou pwojè sa a;
- (3.3) pataje fòmasyon w ak kalifikasyon yo;
- (3.4) dekri ekip ou an;
- (3.5) bay twa referans; epi
- (3.6) siyen fòmilè kontra estanda yo.

#### 3.1 ENTWODIKSYON AK REZIME EGZEKITIF

Nan paj kouvèti a oswa nan premye pwopozisyon ou an, tanpri bay enfòmasyon kontak yo, ki genyen ladan non, tit, adrès, imèl ak nimewo telefòn.

Tanpri bay yon brèf entwodiksyon ki mansyone poukisa ou kapab yon bon patnè pou Distri a nan pwojè sa a.

Si oumenm oswa nenpòt nan pwopozisyon founisè adjwen ou an se yon ti antrepriz, antrepriz ki jere pa yon minorite, antrepriz ki jere pa fanm, ak antrepriz ki jere pa veteran yo. Enfòmasyon sa yo ede nou amelyore sansibilizasyon nou an bay tout patnè potansyèl yo. RFP sa a louvri pou tout Vandè ki ta renmen reponn.

#### 3.2 APWÒCH POU DIMANSYON TRAVAY LA

Seksyon sa a se kote ou di nou fason solisyon ou an satisfè epi/oswa depase bezwen nou yo. Apresa, tanpri dekri fason ou ta p bay solisyon ki mansyone nan Seksyon 2 “Dimansyon Travay la.”

Seksyon sa a se yon konpozan ki esansyèl nan pwopozisyon an epi ta dwe genyen ladan yon deskripsyon detaye de plan travay ak òganizasyon pwojè ou an. Anplis de yon delè ki konplè ak deskripsyon sèvis yo bay yo, seksyon sa a ta dwe genyen ladan yon apèsi inisyal sou fason fim rechèch la/konsiltan an t ap idantifye epi rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye yo ki prè pou abòde objektif ki anbisyè ki defini pa Komite Lekòl Boston nan an patenarya avèk paran yo, edikatè yo, elèv yo, ak manm yo nan pi gran kominote Boston nan.

Tanpri ou dwe presi. Pa ezite itilize nenpòt bagay (tankou, grafik, lyen nan travay ou yo, elatriye) ki ede kreye dosye ou an.

#### 3.3 FÒMASYON VANDÈ YO AK KALIFIKASYON ANTREPRIZ YO

Dekri istwa, estrikti, estrateji, ak travay òganizasyon ou an. Konsantre sou kapasite w pou kapab yon bon patnè nan pwojè sa a. Tanpri site nenpòt rekonpans ki enpòtan ke ekip ou an te resevwa. BPS rezève dwa pou mande yon kopi deklarasyon finansye ki pase odit pou fim ou an, ki genyen ladan yon fèy balans ki detaye ak relve pwofi ak relve pèt pandan twa lane, oswa rapò finansye similè, pou kapab evalye pwen fò finansye antrepriz ou an.

***Yon fason espesifik, sa ta dwe genyen ladan:***

- 1) Yon rezime eksperyans fim nan pandan l ap fè rechèch egzekitif yo, ki mansyone rechèch egzekitif pou distri lekòl ki genyen dimansyon konparab, oswa wòl lidèchip ki konparab yo nan gouvènman minisipal la, gouvènman konte a, oswa gouvènman eta a. Yo prefere pou fim aplikan yo oswa konsiltan yo fè dènye eksperyans nan fè yon rechèch ki reyisi (seleksyon yon kandida ak akseptasyon yon pozisyon, jan sa fasilite pa fim ou an) pou yon Sipè-entandan Lekòl yo pou yon distri lekòl ki K-12 iben ki genyen dimansyon konparab ki genyen omwen 40,000 elèv epi ki te otorize lekòl a chart yo.
- 2) Yon lis ki detaye konsènan dènye tach yo nan edikasyon K-12, ki genyen ladan non enstitisyon kliyan yo, tit pozisyon ke yo te fè rechèch pou yo a, ak yon brèf deskripsyon konsènan pwosesis ki egzekite pandan pwosesis rechèch la.
- 3) Yon lis klè konsènan etap ak mezi ke fim rechèch la te pran pou fè divèsite, ekite, ak enklizyon vin yon pati nan operasyon yo a. BPS ap chèche yon fim ki pral santre lidèchip pwogresif, lidèchip enklizif nan pwosesis priz-desizyon li a ak nan taktik nan rekritman yo. Sa ta dwe genyen ladan prèv angajman nan eksperyans ki reyisi nan rekrite lidè eksepsyonèl nan pozisyon Sipè-entandan Lekòl yo, wòl ki konparab, ki genyen fòmasyon ki divèsifye sou plan kiltirèl ak sou plan rasyal.

Mete dokimantasyon kouvèti asirans ou an. Nivo asirans ki rekòmande pa Vil la mansyone nan Seksyon 9 la; si ou genyen yon nivo kouvèti ki diferan, tanpri eksplike poukisa li ase pou jere risk pwojè sa a.

Tanpri sonje: Si ou genyen yon kontra ki te fini pou defo pandan senk (5) dènye ane sa yo, oswa ou te enplike nan yon litij konsènan yon kontra, enfòmasyon sa yo ta dwe pataje ansanm ak pozisyon w sou dosye a (yo). Si ou pa te fè fas ak okenn nan fen kontra pou defo sa yo nan senk (5) dènye ane yo epi ou pa te enplike nan litij konsènan yon kontra, nan ka sa ou ta dwe endike sa tou.

### **3.4 REKRITMAN AK KALIFIKASYON MANM PÈSONÈL KI ESANSYÈL YO**

Dekri ekip ki t ap apwopriye nan pwojè sa a. Mete yon lis ki gen chak manm ekip, yon brèf rezime konsènan kalifikasyon ak eksperyans ki enpòtan, ak yon angajman sou tan ki pwopoze pou chak manm pèsonèl. Fè dosye a pou rezon ki fè yo pral trè bon patnè nan pwojè sa a. Note si nenpòt manm pèsonèl pral sitiye nan Boston oswa toupre Boston ak disponiblite jeneral yo nan Komite Lekòl la ak manm pèsonèl Vil la nan pwojè sa a.



Tanpri biyografi, CV, oswa nenpòt bagay ou panse ki pi byen mansyone pwen fò ekip la ki t ap travay sou pwojè sa a. Fè nou konnen fason ekip la t ap estriktire; si ekip ou an genyen ladan plizyè fim, tanpri fè nou konnen depi konbyen tan n ap travay ansanm. Pou rezon jiridik, nou pral bezwen pou ou dezinye yon fim antanke pwofesyonèl prensipal epi tout lòt yo antanke founisè adjwen (gade Seksyon 7 la pou jwenn plis enfòmasyon). Nan tout ka yo, tanpri idantifye moun ki responsab pwojè a epi bay enfòmasyon sou kontak yo.

### **3.5 REFERANS AK ENFÒMASYON ADISYONÈL**

Tanpri bay twa (3) referans, ki genyen ladan enfòmasyon sou kontak yo ak detay sou pase w avèk yo, ki ka kòmante pèfòmans fim nan sou dènye rechèch yo pandan senk dènye lane yo. Li t ap pi bon si referans kliyan an menm jan nan gwosè, dimansyon ak kompleksite nan Lekòl Piblik Boston yo. Sonje ke yo pral konsidere enfòmasyon ki pa kòrèk yo kòm yon referans negatif.

### **3.6 KONTRA ESTANDA AK FÒMILÈ**

Ou dwe soumèt yon kopi ki siyen pou tout fòmilè ki idantifye nan Seksyon 8 la.

## IV. PWOPZISYON PRI

Site tout frè ki asosye ak pwopozisyon sèvis ou ka bay, pandan w ap itilize modèl ki anba a. Si pwopozisyon ou an genyen ladan frè ki pa koresponn ak modèl sa a, tanpri atache enfòmasyon siplemantè ki dekri frè sa yo, baz pou pri ou yo, ak tout sipozisyon ou te fè lè ou t ap ranpli modèl la. Prezante yon fason ki konplè, estrikti pou pri sèvis ou prevwa yo (selon yon pousantaj, rechèch ki posib, yon pri fiks, elatriye) epi bay rezònman ki apwofondi sou fason estrateji pri sa a koresponn ak sèvis ki ofri yo.

Lè ou konprann nivo efò ak pri pou chak sèvis ou ka bay, sa pral ede nou pi byen konprann estrikti travay ki pwopoze a.

### *Tanpri sonje:*

- Tout pri yo genyen pri pou vwayaj ladan yo. Yo p ap otorize frè siplemantè, ki genyen ladan frè pou vwayaj, ebèjman, sibstans, depans divès (ad-hoc) ak lòt depans yo.
- Yo pral ranbouse fim rechèch la tout frè ki lye ak vwayaj, akomodasyon, oswa lòt frè pou rankontre aplikan yo an pèsòn. Frè sa yo pa bezwen enkli nan kad pwopozisyon pri a.
- Yo pral sipoze ke tout taks ki dwe yo enkli nan pri sèvis ou yo. Vil la genyen dispans (pa peye) taks asiz federal yo (Nimewo Dispans Federal la A-108-328) ak taks sou lavant ak sou itilizasyon nan Massachusetts (Nimewo Sètifika E-046-001-380). Y ap bay sètifika dispans yo, si yo mande yo, aprè atribisyon an.
- Frè total ou mande nan Pwopozisyon sa a pral konsidere kòm frè ki pi bon epi kòm òf final la.
- Ou pral genyen responsablite pou jere tout erè ou te fè nan pri sèvis yo (tankou si ou te bliye mete yon konpozan sèvis yo).
- *Pwopozisyon Pri a DWE soumèt yon fason separe de rès pwopozisyon an. Ou pa dwe mete okenn enfòmasyon sou pri a nan Pwopozisyon Teknik la.*
- Si aplikab, jan sa detèmine pa Depatman Nòm Travay Massachusetts la, Pwofesyonèl la pral respekte Lwa ki Anvigè sou Salè nan Massachusetts la (M.G.L. c. 149, s.26, -27H) pou pwojè travay piblik yo, ki etabli salè minimòm pou pwojè taway sa yo.

*Tanpri antre total pri pou tout sèvis yo yon fason konplè nan liy pri ki soumèt sou fòm elektwonik atravè Pòtay Founisè a.*

*Genyen plis detay ki disponib nan Seksyon 5 lan epi nan:*  
[boston.gov/departments/procurement/how-use-supplier-portal](http://boston.gov/departments/procurement/how-use-supplier-portal)

ATIK	PRI TOTAL
Frè pou sèvis fim Rechèch la	
PRI TOTAL - ANE 1	

\*Chif sa yo se estimasyon sèlman epi kantite reyèl yo kapab plis oswa mwens.

## V. ENSTRIKSYON POU SOUMISYON

Seksyon sa a bay yon apèsi sou pwosesis pou soumèt pwopozisyon ou an:

- Yo bay yon lis verifikasyon pou asire ke pwopozisyon an konplè
- Yo mete machaswiv yo sou fason pou soumèt pwopozisyon ou an sou entènèt oswa pa mwayen kopi sou papyè

Yo vrèman ankouraje Vandè yo pou yo li tout seksyon sa a epi ranpli lis verifikasyon an pou evite diskalifikasyon. **Tanpri sonje ke Vil la P AP anmezi pou konsidere pwopozisyon ki soumèt anreta oswa pwopozisyon ki pa respekte machaswiv sa yo.**

5.1 LIS VERIFIKASYON POU SOUMÈT PWOPUZISYON ( <i>pou ou itilize sèlman; ou pa bezwen soumèt lis verifikasyon sa a</i> )	SEKSYON RFP	KONPLÈ (✓)
<b>A. ATIK KI OBLIGATWA POU PWOPUZISYON TEKNIK LA</b>		
Entwodiksyon ak Rezime Egzekitif	3.1	
Repons nan Dimansyon Travay la	3.2	
Fòmasyon Vandè ak Kalifikasyon Antrepriz la <i>ki genyen ladan dokimantasyon sou asirans (gade Seksyon 9 la pou jwenn detay)</i>	3.3	
Plan pou Rekritman ak Kalifikasyon Manm Pèsonèl Ki Esansyèl yo	3.4	
Referans ak Enfòmasyon Adisyonèl	3.5	
<b>B. FÒMILÈ KI OBLIGATWA YO</b>		
Fòmilè CM06 – Sètifika Otorite	8.2	
Fòmilè CM-09 – Sètifikasyon Pwofesyonèl	8.3	
Fòmilè CM15A - Konfòmite CORI	8.7	
Fòmilè CM15B - Nòm CORI yo	8.7	
Fòmilè LW2 - Akò sou Salè ki Desan	8.9	
Fòmilè LW8 - Affidavit sou Salè ki Desan	8.10	
Fòmilè CM-16 – Vòl Salè	8.11	
<b>C. FÒMILÈ SOU FRÈ POU PWOPUZISYON PRI</b>		
<b>D. REVIZYON FINAL</b>		
	WI:	NON:
1. Èske ou te soumèt pwopozisyon an anvan dat limit lan?		
2. Èske ou te soumèt pwopozisyon separe, pwopozisyon teknik ki sele ak pwopozisyon pri yo, san <b>okenn</b> enfòmasyon sou pri nan pwopozisyon teknik la?		
3. Èske ou te revize Tèm ak Kondisyon Kontra yo?		
4. Èske ou te ranpli epi soumèt tout fòmilè ki obligatwa yo?		

## 5.2 SOUMÈT PWOPOZISYON AN SOU PÒTAY FOUNISÈ BOSTON NAN

Pòtay Founisè a bay vandè yo kapasite pou soumèt pwopozisyon yo a sou fòm elektwonik, epi li aksesib sou [boston.gov/procurement](https://www.boston.gov/procurement) nan lyen pou Pòtay Founisè a.

Ou pral bezwen enskri avèk nou pou kapab soumèt pwopozisyon ou an sou fòm elektwonik; lè ou fè sa li pral pèmèt ou resevwa mizajou konsènan RFP sa a ak lòt opòtinite yo. Tanpri vizite <https://www.boston.gov/departments/procurement/how-use-supplier-portal> pou jwenn enstriksyon etap pa etap pou enskri.

Lè ou fin enskri nan kont ou an, chèche ID EVÈNMAN: EV00010326, “Rechèch Sipè-entandan pou Lekòl Piblik Boston yo”. Lè w ap reponn, ou pral wè espas espesifik pou òplod fòmilè Pwopozisyon Teknik san pri a ak lòt fòmilè ki obligatwa yo. **Pwopozisyon Pri a dwe soumèt yon fason separe de Pwopozisyon Teknik la selon lwa a. Sa se enpòtan anpil.** Ekip evalyasyon an pral fè evalyasyon li a sou Pwopozisyon Teknik yo anvan yo revize Pwopozisyon Pri yo.

Atachman yo genyen enfòmasyon sou pri, ki genyen ladan Pwopozisyon Pri a, ta dwe sèlman atache ak liy pri a epi pa dwe nan seksyon atachman nan Antèt Evènman an. Lè ou òplod dosye ou an nan liy pri a, enfòmasyon yo pral rete sele epi separe de pwopozisyon teknik yo jiskaske yo reyalize evalyasyon sa a.

Nan seksyon ki idantifye kòm "Etap 2: Antre Repons yo nan Liy Òf la," tanpri antre montan total la anba liy “RFP a – Sèvis Konsiltasyon nan Rechèch Pwofesyonèl Egzekitif pou Sipè-entandan Lekòl yo.” Apresa, klike sou ikòn ki pi lwen adwat ekran ki rele "Gade/Ajoute Kesyon Kòmantè ak Atachman." Nan espas sa a ou pral jwenn kote ki apwopriye a pou òplod Pwopozisyon Pri ou an. Tanpri vizite <https://www.boston.gov/departments/procurement/how-use-supplier-portal> pou jwenn enstriksyon etap pa etap.

Lè ou soumèt pwopozisyon ou an sou Pòtay Founisè a sa ka rasyonnalize tout pwosesis la, men tanpri bay tan anplis pou vin fanmiye ak sistèm nan. **Òplod tout dokiman ki aplikab yo nan Pòtay Founisè a epi SOUMÈT soumisyon ou yo byen anvan dat limit la pou ou ka genyen ase tan pou fè yon soumisyon fizik sou papye si ou genyen nenpòt pwoblèm avèk Pòtay Founisè Vil la.** Nou rekòmande pou ou soumèt pwopozisyon ou an omwen 24 èdtan anvan dat limit la.

Tanpri sonje ke dosye ki òplod sou Pòtay Founisè a limite ak yon longè non fichye ki genyen 59 karaktè.

### **5.3 SOUMÈT PA LAPÒS/ LIVREZON**

Kopi sou papye pou Pwopozisyon Teknik ak Pwopozisyon Pri yo kapab soumèt pa lapòs, sèvis livrezon, oswa an pèsòn. Vandè k ap soumèt yon kopi sou fòm papye dwe soumèt yon Pwopozisyon Teknik ki konplè nan yon anvlòp ki sele ansanm ak yon (1) kopi nimerik (kle USB), ak yon Pwopozisyon Pri nan yon anvlòp sele ki separe de ansanm ak yon (1) kopi nimerik (kle USB).

Anvlòp yo ta dwe klèman make konsa:

**Sèvis Konsiltasyon Rechèch pou Sipè-entandan Lekòl yo RFP**  
**Nimewo RFP: RFP EV00010326**  
**PWOPOZISYON TEKNIK**  
**Soumèt pa: [Non Vandè a]**  
**[Dat yo Soumèt li]**

**Sèvis Konsiltasyon Rechèch pou Sipè-entandan Lekòl yo RFP**  
**Nimewo RFP: RFP EV00010326**  
**PWOPOZISYON PRI A**  
**Soumèt pa: [Non Vandè a]**  
**[Dat yo Soumèt li]**

**epi livre oswa vo pa lapòs bay:**

**Naveen Reddy**  
**Direktè Komèsyal, Depatman Finans**  
**LEKÒL PIBLIK BOSTON YO**  
**2300 Washington Street**  
**Boston, MA 02119**

## VI. FASON NOU CHWAZI

### 6.1 KRITÈ MINIMÒM POU EVALYASYON

Tout Pwopozisyon ke Vil la te resevwa pral premyèman revize pou detèmine si Pwopozisyon an satisfè tout kritè minimòm ki idantifye nan RFP a. W ap jwenn kritè minimòm yo nan Lis Verifikasyon pou Soumèt Pwopozisyon an (Seksyon 5.1).

Pou yon pwopozisyon satisfè tout kritè yo, yon Vandè dwe anmezi pou san kondisyon tcheke chak atik ‘Konplete’ pou Seksyon A ak B epi ‘Wi’ pou chak atik nan Seksyon D. Kritè minimòm pou evalyasyon an reflekte nòm oswa atribi sa yo ke Vil la konsidere ki esansyèl pou pèfòmans kontra a. Yo pral evalye yon vandè ki pa satisfè kritè minimòm yo kòm “inakseptab”.

### 6.2 KRITÈ KONPARATIF POU EVALYASYON

Yo pral evalye pwopozisyon ki te satisfè kritè pou evalyasyon minimòm nan selon kritè pou evalyasyon konparatif ki swivi nan seksyon sa a. Ekip evalyasyon RFP a, ki pral genyen ladan 1–2 manm Komite Rechèch la ak youn oswa plis manm pèsònèl BPS, pral prepare evalyasyon alekri pou chak pwopozisyon. Evalyatè yo pral atribye yon klasman “wotman favorab”, “favorab”, oswa “pa favorab” pou chak kritè. Ekip evalyasyon RFP a pral itilize kritè evalyasyon konparatif la pou ede evalye kalifikasyon jeneral chak Vandè.

Vil la genyen dwa pou envite Vandè yo nan yon entèvyou/demonstrasyon swa nan telefòn oswa an pèsòn. Vil la kapab chwazi pou fè verifikasyon referans epi mete enfòmasyon li jwenn nan entèvyou a/demonstrasyon an ak verifikasyon referans yo nan evalyasyon an. Vandè yo pa ta dwe konte sou entèvyou/demonstrasyon ak verifikasyon referans yo kòm yon opòtinite pou bay lòt enfòmasyon anplis ki pa nan pwopozisyon an. Tout enfòmasyon ke Vandè yo swete pou yo konsidere pandan pwosesis evalyasyon an ta dwe enkli nan Pwopozisyon orijinal yo te soumèt la.

Yo pral evalye pwopozisyon pri yo yon fason separe de pwopozisyon teknik yo. Ekip RFP a p ap wè pwopozisyon pri yo jiskaske evalyasyon teknik yo fini.

Après ekip RFP a pral idantifye pwopozisyon ki plis favorab nan gwoup vandè ki responsab epi ki reseptif yo, pandan y ap konsidere alafwa pri ak kritè evalyasyon konparatif la. Ekip RFP a pral rekòmande pou fè seleksyon nan pwopozisyon ki plis favorab la pou tout Komite Rechèch la. Yo pral pran yon rezolisyon final disisi April 2022 epi tonbe anba apwobasyon Komite Lekòl Boston nan.

#### A. Kalite Pwopozisyon

*Wotman Favorab:* Pwopozisyon an byen ekri nan yon langaj ki klè epi ki presi. Materyèl yo òganize epi fasil pou pakouri yo. Kòm yon ansanm, pwopozisyon an bay yon repons ki konplè pou RFP sa a epi li bay plizyè egzanp ki enpòtan sou dènye reyisit yo ki reyalize solisyon similè yo.

*Favorab:* Pwopozisyon an klè epi byen òganize. Li bay yon repons ki konplè pou RFP sa a epi li

genyen ladan egzant pou dènye reyisit yo.

*Pa Favorab:* Pwopozisyon an pa abòde tout aspè nan RFP a. Li pa byen ekri ditou epi/oswa li difisil pou li l. Li pa bay ase enfòmasyon ki apwopriye pou evalye kapasite vandè a pou reyisi satisfè objektif Vil la.

*Inakseptab:* Pwopozisyon an pa konplè epi li pa bay ase enfòmasyon pou fè okenn evalyasyon ki rezonab sou pwopozisyon an.

## **B. Repons nan Dimansyon Travay la**

*Wotman Favorab:* Pwopozisyon an klèman elabore yon plan pou fè travay la. Li bay yon deskripsyon ki klè sou sèvis yo ka bay ak yon delè ki konplè pou evalye ak prezante kandida yo pou Komite Rechèch la. Anplis, pwopozisyon an bay yon apèsi eksepsyonèl sou fason fim rechèch la/konsiltan an t ap idantifye epi rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye yo ki prè pou abòde objektif anbisye yo an patenarya avèk aktè yo nan kominote a. Plan an sanble konplètman reflechi epi prè pou kapab reyalize.

*Favorab:* Pwopozisyon an bon, men li pa pafè. Li abòde majorite enkyetid prensipal yo men li kite kèk kesyon ouvèt. Apèsi pwopozisyon an ki detaye fason fim rechèch la/konsiltan an pral idantifye epi rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye ki bon tou, men li pa bay yon konpreyansyon ki klè epi ki apwofondi sou fason pou reyalize rekritman sa a. Pwopozisyon an te ka fonksyone, men li mande kèk klarifikasyon anplis.

*Pa Favorab:* Pwopozisyon an abòde kèk nan objektif dimansyon pwojè a, men li kite anpil kesyon ouvèt. Apèsi a sèlman abòde yon fason ki endirèk fason fim rechèch la/konsiltan an t ap rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye. Li posib ke li kapab reyalize, men li t ap mande anpil travay anvan li prè pou sa.

*Inakseptab:* Pwopozisyon sa a pa abòde majorite enkyetid ak objektif ki mansyone nan dimansyon travay la. Epi pwopozisyon an pa genyen ladan yon apèsi sou fason pou rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye. Lide ki prezante yo pa sanble ka reyalize oswa pa sanble enpòtan. Retire pwopozisyon an kote li ye a pou mennen l yon kote ke li te ka reyalize, sa t ap mande yon nouvo depa.

## **C. Pwofil Òganizasyon an ak Dènye Pwojè yo**

*Wotman Favorab:* Ekip la gen ladan manm ki genyen gwo fòmasyon nan sèvis konsiltasyon nan rechèch pwofesyonèl egzekitif. Twa (3) referans nan pwojè similè yo sistematikman kalifye sèvis ak rezilta yo kòm “ekselan”. Egzanp dènye travay ou bay yo vrèman enpòtan pou pwojè sa a epi yo soulinye konpetans fim ou an nan jere rechèch yon Sipè-entandan Lekòl yo pou yon distri lekòl K-12 iben ki genyen dimansyon konparab avèk omwen 40,000 elèv epi ki te otorize lekòl a chat yo. Egzanp sa yo demontre yon eksperyans ki pwouve nan bay sipò kontini ki efikas. Egzanp yo soulinye konpetans fim ou an nan bay kliyan yo plan pou rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye ki prè pou abòde objektif anbisye yo an patenarya avèk aktè yo nan kominote a.



*Favorab:* Ekip la gen ladan manm ki genyen nan sèvis konsiltasyon nan rechèch pwofesyonèl egzekitif. Youn oswa de referans nan pwojè similè yo kalifye sèvis ak rezilta yo kòm “ekselan”. Egzanp dènye travay ou bay yo plizoumwen enpòtan pou pwojè sa a epi yo demontre eksperyans fim ou an nan jere rechèch pou yon Sipè-entandan Lekòl yo pou yon distri lekòl K-12 iben ki genyen dimansyon konparab avèk omwen 40,000 elèv epi ki te otorize lekòl a chat yo.

*Pa Favorab:* Ekip la gen ladan menm ki genyen eksperyans limite nan sèvis konsiltasyon nan rechèch pwofesyonèl egzekitif. Pa gen okenn referans nan pwojè similè yo ki kalifye sèvis ak rezilta yo kòm “ekselan”. Egzanp dènye travay ou bay yo pa enpòtan pou pwojè sa a epi yo pa demontre ase eksperyans nan jere rechèch pou yon Sipè-entandan Lekòl yo pou yon distri lekòl K-12 iben ki genyen dimansyon konparab.

*Inakseptab:* Ekip la pa genyen ladan nenpòt manm ki genyen konpreyansyon nan sèvis konsiltasyon nan rechèch pwofesyonèl egzekitif. Referans yo pa konplè, epi/oswa tou referans yo klase sèvis yo, rezilta ak pwosesis yo kòm evalyasyon pwosesis kolaboratif ki negatif. Pwopozisyon an pa demontre okenn angajman pou rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye.

#### **D. Plan Divèsite, Ekite, ak Enklizyon (DEI)**

*Wotman Favorab:* Pwopozisyon an prezante yon apòch ki kreyatif epi ki konplè pou DEI a nan tout aplikasyon an. Pwopozisyon an demontre yon angajman ki klè epi ki konplè pou divèsite ak ekite nan istwa rechèch presedan an, epi bay yon apèsi ki genyen rigè sou fason fim nan pral rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye yo. Fòmasyon ak eksperyans manm pèsonèl ka vrèman konsantre sou enkyetid ki gen nan ekite epi plan ou an demontre fason ou genyen entansyon pou eksplwate eksperyans sa a. Pwopozisyon an soulinye plan ki detaye, plan espesifik, plan ki ka reyalize, ak plan ki efikas pou anwo a.

*Favorab:* Pwopozisyon an genyen yon plan ki rezonab pou DEI. Pwopozisyon an demontre yon angajman nan divèsite ak ekite nan rechèch presedan yo, epi bay yon apèsi sou fason fim nan pral rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye ki prè pou abòde objektif anbisye an patenarya avèk aktè yo nan kominote a. Manm pèsonèl k ap reyalize travay la genyen kèk eksperyans oswa fòmasyon avèk enkyetid ak teyori DEI ak plan touche fason yo pral itilize sa pou enfòme travay la. Pwopozisyon an genyen anpil detay konsènan sa yo ki anwo a, men plizyè pati manke detay konsènan fason pou egzakteman entegre DEI a.

*Pa Favorab:* Pwopozisyon an genyen kèk referans pou konsiderasyon DEI yo, men li pa genyen anyen ki konplè oswa ki kreyatif. Pwopozisyon an ofri yon aparans angajman nan divèsite ak ekite nan rechèch presedan yo, epi bay yon apèsi pou rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye yo, byenke apèsi a genyen yon defo ki klè oswa ki pa demontre yon konpreyansyon ki klè sou lidèchip ekitab ak lidèchip ki divèsifye. Manm pèsonèl la ti eksperyans tou piti oswa pa genyen okenn eksperyans nan kesyon DEI yo. Kapab genyen kèk detay espesifik, men majorite pwopozisyon yo pale sou kèk bagay ki jeneral ak mo ki alamòd, olye yo pale sou plan ki ka reyalize.

*Inakseptab:* Pwopozisyon an fè ti konsiderasyon oswa pa fè okenn konsiderasyon ditou pou DEI. Pa genyen okenn angajman ki klè, demonstrasyon angajman nan ekite oswa divèsite nan rechèch presedan yo, ak repons nan dimansyon travay la ki ofri okenn apèsi sou fason fim nan pral rekrute divès kandida, kandida ki konpetan, ak kandida ki kalifye. Manm pèsònèl ki enplike a genyen eksperyans limite oswa pa genyen okenn eksperyans oswa fòmasyon nan DEI Pwopozisyon an itilize mo DEI ki alamòd yo, men pa genyen okenn detay sou fason pou pote konsiderasyon ekite nan travay la.

**E. Entèvyou/Demonstrasyon Vandè yo (si nesèsè)**

*Wotman Favorab:* Prezantatè yo byen òganize epi yo bay yon prezantasyon ki klè epi ki presi. Prezantasyon an demontre bon konpreyansyon nan egzijans Komite Lekòl la, jan sa dekri nan RFP a. Manm pèsònèl la enkli nan demonstrasyon an, epi yo te reponn tout kesyon ki poze yo yon fason espesifik.

*Favorab:* Prezantatè yo òganize. Prezantasyon an demontre konpreyansyon nan egzijans Komite Lekòl la, jan sa dekri nan RFP a.

*Pa Favorab:* Prezantatè yo pa òganize epi/oswa yo pa bay yon prezantasyon ki klè. Prezantasyon an demontre ti konpreyansyon nan egzijans Komite Lekòl la, jan sa dekri nan RFP a.

*Inakseptab:* Prezantatè yo te vrèman dezòganize epi prezantasyon an pa te demontre konpreyansyon nan egzijans Komite Lekòl la, jan sa dekri nan RFP a.

## **VII. TÈM AK KONDISYON**

### **7.1 ANILASYON, REJEKSYON, AK RENONSIYASYON**

Vil la pa genyen okenn obligasyon pou kontinye RFP sa a epi li kapab anile RFP sa a nenpòt lè avèk oswa san ranplasman pou yon lòt. Vil la genyen dwa pou rejte tout oswa yon pati nan Pwopozisyon yo, lè Vil la detèmine ke rejeksyon an nan pi bon Enterè Vil la. Vil la kapab renonse ak enfòmalite minè yo nan Pwopozisyon an oswa pèmèt Vandè a korije yo.

### **7.2 RETRÈ OSWA MODIFIKASYON PWOPOZISYON AN**

Vil la kapab pèmèt reprezantan yon Vandè ki genyen otorizasyon ak idantifikasyon ki apwopriye pou siyen, resevwa ak retire Pwopozisyon Vandè a ki pa louvri anvan dat limit soumisyon an. Yon Vandè ki chèche korije oswa modifye Pwopozisyon li a kapab fè sa pandan l ap retire soumisyon inisyal la epi apres a soumèt yon Pwopozisyon ki modifye anvan dat limit soumisyon an.

### **7.3 PERYÒD VALIDITE PWOPOZISYON AN**

Lè yon Vandè soumèt yon Pwopozisyon, Li dakò ke Pwopozisyon li a valid pou sankatreven (180) jou aprè dat limit soumisyon an sof dat la pwolonje pa yon akò mityèl.

### **7.4 FRÈ POU PWOPOZISYON**

Nenpòt ak tout frè ki rive pandan yon Vandè ap prepare yon Pwopozisyon epi nan tout pwosesis RFP a pa elijib pou Vil la ranbouse.

### **7.5 TAKS**

Vil la se yon òganizasyon ki genyen dispans pou pa peye taks. Sepandan, si nenpòt pati nan Kontra a fè sijè taks, sof si li otreman presize nan RFP sa a, Vandè a pral epi dwe genyen responsablite pou peye tout taks ki aplikab yo.

### **7.6 FOUNISÈ ADJWEN**

Vil la pral fè kontra avèk yon Founisè ki pral inikman responsab pou egzekisyon kontra a epi ki pral pwen kontak inik pou Vil la konsènan dosye Kontra yo. Si Pwofesyonèl la itilize youn oswa plis Founisè adjwen, Founisè a pral asime responsablite pou pèfòmans sèvis pa dezyèm pwofesyonèl la.

Yo dwe dezinye Vil la antanke yon benefisyè tyès pati nan tout sou-kontra yo. Yon lis pwopozisyon Founisè Adjwen yo pou patisipe nan pèfòmans Kontra a pral transfere bay Vil la pou apwobasyon anvan egzekisyon Kontra a.

### **7.7 ITILIZASYON NON VIL LA**

Founisè a ak nenpòt Founisè Adjwen an (yo) dakò pou pa itilize non oswa so Vil la, oswa non oswa so nenpòt lòt Ajans Vil la oswa Depatman an nan anons, dokimantasyon komèsyal oswa kominike laprès san apwobasyon alavans nan men Vil la.

## **7.8 ATRIBISYON AK KONTRA**

Si yo atribye yon Kontra, Kontra a pral akòde bay Vandè ki reyaktif epi ki responsab ke yo jije Pwopozisyon sa a kòm pwopozisyon ki plis favorab bay Vil la pandan y ap konsidere kritè evalyasyon an ak Pri Pwopozisyon an. Vil la pral fè kontra avèk Vandè ki seleksyone ki pi byen satisfè bezwen Vil la epi kapab pa nesèsman fè yon atribisyon bay sila a ki fè òf ki pi ba a.

Yon lèt atribisyon oswa yon notifikasyon pou atribisyon se pa yon komunikasyon pou akseptasyon pou pwopozisyon yon Vandè. Yo pa fè okenn atribisyon final jiska dènye egzekisyon yon Kontra pa Vandè a epi pa Vil Boston nan (pa Otorite k ap fè Atribisyon an/Responsab Oditè Vil la), ak apwobasyon Kontra Final la pa Majistra Boston nan, ak resi Founisè a pou yon Kòmman ki emèt pa Vil la. Jiska moman sa a, Vil la kapab rejte nenpòt oswa tout pwopozisyon oswa chwazi pou pa kontinye avèk RFP sa a. Vandè a p ap founi okenn sèvis, ekipman, materyèl oswa mendèv sof si li resevwa yon Kontra ak yon Kòmman ki konplètman egzekite epi ki apwouve, epi fon yo atribye pou Kontra a.

## **7.9 KONTRA**

Anplis de Kontra Estanda Vil Boston nan, Fòmilè CM-10 ak CM-11, ak tout tèm ak kondisyon siplemantè ki aplikab ki fè pati RFP sa a, Kontra a pral genyen ladan, san limit, fòmilè ak sètifikasyon ki egzije pa Vil la, ki genyen ladan Sètifikasyon Konfòmite CORI pou Vil la, Fòmilè sou Salè ki Desan, Fòmilè sou Vòl Salè, Sètifikasyon pou Founisè, ak Sètifika Otorite. Fòmilè sa yo atache isit la epi/oswa disponib sou demann. Pwopozisyon ki soumèt la, ansanm ak RFP, pral fè pati tou nan Kontra ant Vil la ak Founisè a. Kontra a fè sijè disponiblite ak atribisyon fon epi kapab anile pa Vil la san penalite nan okenn lane ke yo fè yon atribisyon fon.

## **7.10 TÈM KONTRA A**

Tèm kontra a se pral pou 3-6 mwa.

## **7.11 DOSYE PIBLIK**

Pwopozisyon yo pral rete konfidansyèl jiskaskè evalyasyon yo fini, oswa jiska moman akseptasyon ki presize nan RFP a, nenpòt sa ki pi bonè. Apresa, tout pwopozisyon yo pral dosye piblik la. Pa soumèt enfòmasyon konfidansyèl nan Pwopozisyon ou an.

# **VIII. KONTRA ESTANDA AK FÒMILÈ**

## **8.1 APÈSI**

Ou dwe soumèt yon kopi ki siyen pou fòmilè ki endike anba a. Anplis, tanpri revize Tèm ak Kondisyon yo nan CM11 ak konpleman ki asosye a; yo pral entegre nan atribisyon kontra a san revizyon.

## **8.2 FÒMILÈ CM06 – SÈTIFIKA OTORITE: KOPI KI SIYEN KI EGZIJE POU SOSYETE YO**

- 8.3 FÒMILÈ CM09 – SÈTIFIKASYON FOUNISÈ YO: KOPI KI SIYEN KI EGZIJE**
- 8.4 FÒMILÈ CM10 – DOKIMAN KONTRA ESTANDA**
- 8.5 FÒMILÈ CM11 – KONDISYON JENERAL KONTRA ESTANDA A**
- 8.6 TÈM AK KONDISYON SIPLEMANTÈ KI LYE AK TEKNOLOJI  
ENFÒMASYON FÒMILÈ CM11**
- 8.7 FÒMILÈ CM 15A/B – KONFÒMITE AK CORI, NÒM: KOPI KI SIYEN KI  
EGZIJE**
- 8.8 FÒMILÈ LW1 – EGZIJANS POU TRAVAY BOSTON YO AK ÒDONANS POU  
SALÈ KI DESAN**
- 8.9 FÒMILÈ LW2 – AKÒ SOU SALÈ KI DESAN: KOPI KI SIYEN KI EGZIJE**
- 8.10 FÒMILÈ LW8 – AFFIDAVIT SOU SALÈ KI DESAN POU VANDÈ YO: KOPI KI  
SIYEN KI EGZIJE**
- 8.11 FÒMILÈ CM16 – VÒL SALÈ: KOPI KI SIYEN KI EGZIJE**

[ATACHE FÒMILÈ A AK RFP FINAL LA]

## **IX. REKÒMANDASYON POU ASIRANS**

Vil la rekòmande nivo asirans sa yo; si ou genyen yon nivo kouvèti diferan, tanpri eksplike poukisa li ase pou travay ki egzije selon RFP sa a.

Founisè a pral achte epi mentni pandan dire Kontra a tout asirans ki egzije pa Commonwealth Massachusetts la epi jan sa egzije nan seksyon sa a, epi pral asire ke founisè adjwen yo genyen kouvèti ki similè ak kouvèti ki apwopriye. Egzijans sa yo p ap entèprete pou limite responsablite Founisè a oswa konpayi asirans li a.

Antrepriz asirans ki otorize yo pral emèt asirans lan pou abone nan asirans lan nan eta rezidans yo a ak nan Commonwealth Massachusetts la, epi li pral genyen yon aktyèl Pi Bon klas A- VII oswa pi wo a. Sètifika Asirans yo sou Fòmilè Acord 25 lan ki ateste tout egzijans ki mansyone anba a dwe remèt bay Responsab la pa vandè ki seleksyone a anvan yo egzekite nenpòt kontra. Anplis, yo dwe remèt sètifika renouvèlman yo nan 30 jou anvan ekspirasyon politik ki vini anvan an.

### **Rekòmandasyon pou Asirans:**

**9.1 Konpansasyon Travayè yo** asirans jan li egzije pa Lwa Jeneral c.152 (Lwa sou Konpansasyon Travayè yo) epi ki genyen ladan limit responsablite anplwayè a pou yon milyon dola (\$1,000,000) pa aksidan epi pa anplwaye, ki genyen ladan maladi.

**9.2 Responsablite Jeneral Komèsyal** avèk kouvèti ki pa gen mwens pase Fòmilè ISO CGL a, CG00 01 0413, pou yon milyon dola (\$1,000,000) pa evènman ak de milyon dola (\$2,000,000) limit global anyèl pa lokalizasyon oswa sou baz pwojè a.

**9.3 Responsablite Sivil Parapli anplis de Responsablite Sivil Jeneral la, Responsablite Anplwayè a ak Responsablite pou Otomobil** pou yon milyon dola (\$1,000,000) chak evènman. Olye de responsablite parapli a, limit ki egzije yo kapab reyalize pandan y ap achte limit ki plis elve nan politik endividyèl yo.

### **9.4 Kondisyon Jeneral yo:**

- Vil Boston nan pral dezinye antanke Asire Adisyonèl nan tout politik yo eksepte, Konpansasyon Travayè ak Responsablite Anplwayè a.
- Asirans ki anwo a se pral asirans primè epi ki non-kontribitif pou nenpòt asirans konsa ki disponib pou Vil Boston nan, responsab li yo, anplwaye ak volontè yo.
- Renonsiyasyon Ranplasman an pral enkli sa ki konsène tout kouvèti ki mansyone anwo anfavè Vil Boston nan. Politik sou Konpansasyon Travayè a dwe espesifikman apwouve epi note jan li ye a nan sètifika ki egzije a.
- Tout politik yo pral apwouve pou bay yon avi alekri trant jou bay mèt sètifika a, Vil Boston nan, nan ka anilasyon, non-renouvèlman oswa chanjman ki enpòtan nan kouvèti a. Apwobasyon sa yo dwe atache ak Sètifika a.